

Chè paran oswa responsab legal :

Pitit ou a ka gen dwa pou yo ofri l sèvis lasante oswa sèvis pou yo akomode l nan lekòl la oubyen toude sèvis yo nan lekòl dapre Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon. Sèvis lasante yo oswa sèvis akomodasyon yo oubyen toude sèvis yo ansanm, pral ede elèv ki gen bezwen espesyal pou swen sante ak elèv ki ka gen pwoblèm pou vin lekòl oswa pou patisipe nan aktivite regilye lekòl la si yo pa bay yo sèvis sipò oubyen akomodasyon rezonab. Pa egzanp, elèv ki gen yon pwoblèm sante ka bezwen pran medikaman oswa elèv ki pa wè byen oubyen ki mal pou tande ka chita toupre tablo, epi yo ka bay elèv ki gen vizyon twoub fotokopi agrandi dokiman yo si machin fotokopi lekòl yo ka fè kopi agrandi.

**Kouman pou w konnen si pitit ou a kalifye pou sèvis medikal yo, oswa pou sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504.**

1. Kontakte direktè lekòl la oubyen kontakte Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) nan nimewo (212) 374-6097. Bay non pitit ou a, lekòl li ye ak klas l ap fè. Dekri bezwen espesyal pitit ou a, kalite èd li bezwen, e konbyen fwa li bezwen èd yo.
2. Direktè a ap eksplike w demach pou w fè pou aplike pou sèvis sa yo pou pitit ou a.
3. Depi ou bay enfòmasyon nesèsè yo, Depatman lasante ak ijyèn mantal *Department of Health and Mental Hygiene* (DHMH) ak Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ap evalye demann ou fè pou sèvis yo. Komite Seksyon 504 lekòl la ap fikse yon reyinyon, epi l ap envite w nan reyinyon sa a. Nan reyinyon an Komite a, ki gen ladan l paran oswa gadò elèv la, ap pran yon desizyon pou detèmine si pitit ou a kalifye pou resevwa sèvis lasante oswa sèvis akomodasyon dapre Seksyon 504 la oubyen si l kalifye pou resevwa toude sèvis yo. Y ap fè w konnen desizyon yo pran an sou 30 jou.

Avi ki vini ak lèt la ap ba w plis detay espesifik sou dwa pitit ou genyen. Si w ta gen pou poze nenpòt ki kesyon sou sèvis sa yo, mande direktè lekòl la oswa rele Depatman Edikasyon nan nimewo (212) 374-6097.

Ak senserite,